Авар мац1алъул рагьараб дарс
8 классалда т1обит1араб

# "Заманлъун бугеб х1ал"

Х1адурана : **Х1ажиева М М**

**Буртабазул гьоркьохъеб школалъул авар**

**мац1алъул ва адабияталъул муг1алим**



Буртунай

## *Заманлъун бугеб х1ал*

**Мурад:**

- Заманлъун бугеб х1алгун лъай- хъвай гьабизе;

**Масъалаби:**

- Х1алалъул х1акъалъулъ ц1алдохъабазул лъай ц1ик1к1инабизе,
- Каламалъул чвахи,пикрабазул бухьен, лъугьунеб ишалъул тартиб, т1уралел т1адкъаязулъ маг1на ц1ик1к1ин цебет1езаби;
- Сундулъго берцинлъи бихьун , г1уц1ун бажари.

**Дарсил ин:**

1. **Синтаксисияб минута.**

   Доскаялда х1алт1и .

Лъабабго рядалъул цо-цо ц1алдохъан вахъинавила ва щивасе т1адкъай кьела

<u>1 ряд</u>

**К1удияб гъот1окь, х1алт1унги свакан, г1одойч1ун йигоан гьит1инай яс.**

(Предложение членазде биххизе)

<u>2 ряд</u>

(предложениялъе характеристика кьезе)

<u>3 ряд</u>

(Каламалъул бут1аби рихьизаризе)

<u>Киназего –</u>

_**Ругищ предложениялъулъ х1арпаздаса гьаркьал ц1ик1к1арал раг1аби?**

**Лъалхъул ишараби лъеялъе г1илла баян гьабе.**

**Цогиги кин абизе бегьулеб деепричастияб сверелалда?**

**(Гьеб нужеда дандч1вазе буго ЕГЭ ялъул х1алт1абазулъги)**

2. Синтаксисияб минута.   Предложениял  рит1ун лъуг1инаре: (щибаб бит1ун кьураб жавабалъ ц1алдохъабаз рагьула цо-цо ц1ияб х1арп, гьелдалъун темаги баян гьабила)

1. *Определениялъул хасаб тайпа, жинца предметалъе цоги бат1ияб ц1арги кьун , предмет баян гьабулеб … (З)*
2. *Предложениялъул бет1ераб член , жинца иш гьабулеб …(А)*
3. *Аслияб падежалда бугеб предметияб ц1ар предложениялъулъ ккезе рес буго подлежащеелъун,цадахълъеллъун ва …(М)*
4. ***Роц1араб зоб** абураб калима ккола…**(А)***
5. *Предложениялъул член **лъил? сундул?** суалазе жаваблъун бач1унеб …(Н)*
6. *Определение, жиб предметияб ц1аргун управлениялъул бухьеналдалъун бухьун бугеб, ккола …(ЛЪ)*
7. *Жинда т1аде иш кколеб предложениялъул бет1ераб член …(У)*
8. *Предметалъул ах1вал – х1ал бихьизабулеб бет1ераб член...(Н)*
9. ***«Чапар» газеталда нижер х1акъалъулъ хъван бук1ана.** Гьаб предложениялъулъ буго …(Б)*
10. ***Дир эмен** абураб раг1абазул дандраязулъ бугеб бухьен ккола…**(У)***
11. ***Хасалил хъач1ал малъаз гъот1ол г1аркьалаби гъурана.** Гьаниб подлежащеелъун ккола…(Г)*
12. ***Дагъистан- муг1рузул улка.** Сказуемоелъун гьаниб ккола…(Е)*
13. *Ц1арулаб составияб сказуемоялъул аслияб бут1алъун ккун рук1уна гьадинал каламалъул бут1аби…(Б)*
14. ***Дица рукъ бац1ц1ана** . Гьаб предложениялъулъ **рукъ** раг1и ккола…(Х1)*
15. ***Салих1ица жергъен г1адин** -абураб фразеологияб сверел предложениялъулъ ккола…(А)*
16. *Бицен гьабулеб иш лъугьунеб **бак1, заман , куц, г1илла- мурад** бихьизабулеб предложениялъул член ккола…(Л)*

*2. Ц1ияб тема.*

*Дарсил тема хъвала.*

*Мурадал баян гьарила.*

***Гьал предложениязулъ х1алал рате.***

*Ниж сардилъ щвана рокъоре.*

*Рик1к1ада ах1долеб буго гагу.*

*Квешезе кьеларо дица духъе ручка.*

*Г1едег1ун вач1ана Сайгид жаниве.*

*Рогьиналде лъуг1ана к1удадал хабар.*

*Жакъалъизег1ан бихьич1о дида хасало ц1ад балеб.*

| Х1алалъул группаби | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Группа** | | | | | |
| **Суалал** | | | | | |
| **Мисалал** | | | | | |
| **Кинал каламалъул бут1абилъун ккун ругел** | | | | | |

| Х1алалъул группаби | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Группа** | заман | Бак1 | Г1илла-мурад | Ишалъул куц | |
| **Суалал** | Кида? Кидалъаг1ан? Кидаялдаса? | Киб? Кибе? Киса? Кисан? | Щай? Сундуе г1оло? | Кин? Щиб куцалда? | |
| **Мисалал** | Сардилъ<br>Рогьиналде<br>Жакъалъизег1ан<br>Хасало | Рокъоре<br>Рик1к1ада<br>Жаниве | Квешезе | Г1едег1ун | |
| **Кинал каламалъул бут1абилъун ккун ругел** | Предметияб ц1аралъул бак1алъул падежал, деепричастие, наречие | | | | |

*1 рядалъул ц1алдохъабаз предложениязулъ рат1а гьарила х1алал.*

*2 рядалъул ц1алдохъабаз лъела гьезие суалал .*

*3 рядалъул ц1алдохъабаз ч1езарила группаби.*

*(Кинаб группаялъул х1алал руго гьанир х1алт1изарун бищунго ц1ик1к1ун?)*
*Х1асилал гьарила, баян кьела заманлъун бугеб х1алалъе.*

***Предложениялъулъ бицен гьабулеб иш лъугьараб заман бич1ч1изабулеб х1алалда заманлъун бугеб х1ал абула.***

***Гьеб** кида? кидаллъизег1ан? кидаялдаса? **абурал суалазе жаваблъунги бач1уна.***

***3.Т1ехьалдасан х1алт1и.***

*Х1алт1и 91,баяналда рекъон, т1убазабила.*

***4.Ц1алдохъабазул лъай щулалъизабила.***

*Гьаб текстальулъа киналниги заманлъун ругел х1алал рище ва гьезие суалал лъе.*
*(2-3 лъик1ав ц1алдохъан т1амила суратaлдасан « Ц1ияб сон» абураб темаялда гьит1инабго хабар г1уц1изе )*

*Жакъа бугинха цо кваналеб къоян,*

*Ц1акъго гъираялда жанив лъугьана.(Ц1.Х1)*

*Ихдал гьабич1еб хасало батулареб (К)*

*Анкьица гьабулеб х1алт1и моц1ица лъуг1ич1о.*

*Г1едал теч1они, хведал толеб.(К)*

*Щибаб саг1аталда г1алхул чундузда*

*Дур хабар гьикъула бакъанил г1ужалъ.(ХЪ.М)*

## *5.Лъай борциналъе тестал.*

*1.Кинаб бет1ераб гуреб членалъ бихьизабулеб кида ва кин иш лъугьунебали?*

а) определениялъ б) дополнениялъ в) х1алалъ г) подлежащеялъ

2.Гьаб предложениялъулъ х1ал бит1ун бихьизабураб жаваб бище

Кваналаго г1ет1 балебила к1вах1алав чиясда.

а) г1ет1 б) балебила в) чиясда г) кваналаго

3.Гьаб предложениялъулъ ругел х1алазул группа ч1езабе

Гъоркьисаги исанаги гьарзаяб т1орщел бач1ана.

а) г1илла-мурадиял б) заманиял в) бак1алъулал г) ишалъул куцалъулал

## 6. Дарсил г1амлъизабила

1.Жакъа дарсида нилъеца сундул бицараб?

2.Кинаб х1алалда абулеб заманлъун бугеб х1алилан?

3.Заманлъун бугеб х1алалъе кинал суалал лъолел?

4.Кинаб мухъ х1алалда гъоркьан ц1азе кколеб?

5.Кинал каламалъул бут1аби ккезе бегьулел х1алаллъун?

## 7.Къиматал лъела.

**8. Рокъобе х1алт1и** & 22 лъазабизе, «Нижер школа» темаялда хабар г1уц1изе.

Баркала киназего!

